

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Bilten JILAP
Bulletin JILAP

Pòtoprens, novanm 2007

18

Men ki sa n ap jwenn nan Bilten sila a

Yon ti mo pou louvri Bilten an	3
Pou refleksyon nou	5
Deklarasyon Jilap nan peyi a	11
Jilap te patisipe	22
Fòmasyon	32
Jistis ak Lapè toupatou sou tè a	37

Piblikasyon Bilten sila a posib gras ak konkou finans MISEREOR ansanm ak Komisyon Ewopeyen an. Se Komisyon Jistis ak Lapè a ki sèl reskonsab sa k ekri nan Bilten an.

La publication de ce Bulletin est rendue possible grâce au concours financier de MISEREOR et de la Commission Européenne. La responsabilité du contenu des articles publiés dans ce Bulletin revient à la seule Commission Nationale Justice et Paix.

Yon ti mo pou louvri *Bilten* an

Bilten sila a reprann fòm nou abitye bay Bilten yo, apre yon *Bilten espesyal* nou te fè sou vyolans nan peyi a nan okazyon Kongrè pou jèn yo nan vil Okap nan mwa out ki sòt pase la a.

Konsa, genyen anpil ti nouvèl sou divès aktivite Jilap pandan tout yon lane, depi nan twazyèm Kongrè nasyonal Komisyón an te òganize nan Tòlann nan mwa novanm 2006 sou tèm : Ranfòse baz dinamik Jilap la.

Depi lè sa a, anpil bagay te fèt. Jilap nan peyi a te pase nan plizyè evalyasyon patnè nou yo te òganize ansanm avè n. Depi lè sa a, nou aprann nan feblès nou yo pou n kapab ranfòse baz dinamik nou tout bon. Plizyè rankont espesyal Komite Egzekitif Nasyonal la te fèt nan mwa me ak nan mwa oktòb pou n travay yon fason sistematik sou ki sa Jilap dwe devni nan lane ki devan nou yo : 2008 rive 2010. Se yon moman enpòtan Jilap ap viv nan istwa li.

Nou te envite komisyón dyosezen yo pou patisipe, pou bay lide, pou fè n konnen bezwen yo ki nan baz la ak fason nou dwe reponn yo. Ak tout sa Jilap dwe vin pi granmoun, mwens depandan, pi otonòm, pi efikas nan batay I ap mennen pou diyite ak dwa moun respekte nan peyi a.

Bilten sa a ap pataje avè n yon dokiman ki konsekan anpil pou travay Jilap nan Legliz la : Sou devl`opman pèp yo. Apre sa, li antre nan plizyè aktivite Jilap ap mennen : tankou pozisyon piblik li yo, pwogram fòmasyon PNF, plizyè inisyativ reprezantan Jilap te patisipe ladan yo.

Pou fini, nou mande komisyón pawas yo, pou yo kontinye ap gade pwofil yon komisyón pawasyal ki te parèt nan dènye Bilten an. Se yon dokiman k ap pran plis enpòtans pi devan nan tout planifikasyon Jilap ap fè. Paske, baz dinamik Jilap se komisyón pawasyal yo. Bon lekti.

Komite Bilten an

Editorial

Ce Bulletin reprend le format habituel de nos bulletins, après le *Bulletin 17*, qui était consacré à la violence à l'occasion du Congrès national des jeunes au mois d'août dans la ville du Cap Haïtien. Cela explique pourquoi ce *Bulletin* est principalement consacré aux événements qui ont marqué la Commission depuis son troisième Congrès au mois de novembre 2006, qui a eu lieu à Thorland sur le thème : Renforcer la base dynamique de la Commission.

Dès lors, bon nombre d'événements ont eu lieu. Au cours de l'année écoulé, nous partenaires ont visité la Commission pour effectuer des évaluations. Nous apprenons de nos faiblesses et nous étudions comment renforcer la base dynamique de la Commission qui sont les commissions paroissiales. Plusieurs rencontres spéciales du Comité exécutif ont eu lieu au mois de mai et octobre pour travailler de façon systématique sur l'avenir de la Commission, et plus particulièrement sur ses engagements entre 2008 et 2010. Ainsi nous vivons un moment important dans la vie de la Commission.

Les Commissions diocésaines ont été invités pour participer à la réflexion, pour avancer des idées, pour exprimer leurs besoins et les défis à lever. La Commission doit devenir plus solide, plus autonome, moins dépendante, et surtout plus efficace dans sa lutte pour le respect de la dignité de la personne humaine et de ses droits en Haïti.

Ce Bulletin partagera avec vous une réflexion sur un des documents de base de la Commission, l'encyclique *Populorum Progressio* qui a 40 ans cette année. Après ça, nous considérons les engagements de la Commission comme les prises de position publiques, le programme de formation, et certaines initiatives où la Commission était présente.

Nous recommandons enfin aux Commissions paroissiales, de bien étudier le profil d'une Commission paroissiale qui a été publié dans notre Bulletin précédent. Ce document revêtira une importance particulière pour toutes les planifications futures de la Commission, parce que la base dynamique de la Commission ce sont les commissions paroissiales. Bonne lecture.

Le Comité du Bulletin

Pou refleksyon nou

**Jilap mache ak Ansèyman Sosyal Legliz la.
Populorum Progressio, Sou devlòpman pèp yo,
Se yon fondman pou tout travay Jilap ap fè.
Ane sa a, dokiman an genyen 40 lane depi Pap Pòl 6 pibliye I.
Sete nan okazyon fèt Pak 1967.**

La Commission Justice et Paix est enracinée dans l'enseignement social de l'Eglise. Populorum Progressio, *Sur le développement des peuples* est un des document qui sert de guide pour le travail de la Commission. Cette année, il y a quarante ans, Paul 6 avait publié cette encyclique, datée : Pâques 1967.

« Sou devlòpman pèp yo » Yon dokiman Pap Pòl 6 mete deyò, sa fè 40 lane

Jou fèt Pak nan lane 1967, Pap Pòl 6 te mete deyò yon dokiman ki enpòtan anpil : *Sou devlòpman pèp yo (Populorum Progressio)*. Ane sa a, sa fè 40 lane depi li pibliye dokiman sa a. Nou andwa di, se dokiman sila a ki bay Komisyon Jistis ak Lapè toupatou sou latè pwogram li ak objektif li yo.

Konsil Vatikan 2 t ap chèche ki jan pou mare pi byen lafwa nan Jezi ki leve a ak reyalite moun yo ap viv jounen jodi a. Dokiman an pale sou anpil bagay ki genyen awè ak rechèch sila a. Nan mwa janvye 1967 Pap Pòl 6 te fenk mete sou pye premye Komisyon Jistis ak Lapè a.

Men misyon Pap la bay Komisyon sila a : « Fè tout pèp Bondye a konnen ki wòl li genyen jounen jodi a pou devlope pèp ki pi pòv yo, pou mete plis jistis sosyal nan mitan pèp yo, pou ede sa k pi pòv yo jwenn mwayen ki nesesè ki pèmèt yo travay pou pwòp devlòpman yo. »

Men ki sa k nouvo nan dokiman sila a, parapò ak jan Legliz la te konn fè anvan :

Koze devlòpman

Pap Pòl 6 plede pou yon devlòpman ki gen awè ak tout sa yon moun ye, e ki konsènen tout moun sou latè. Pa gen devlòpman moun vre, si devlòpman sa a pa konsènen tout moun nan ak chak moun k ap viv. Se sa k rele yon devlòpman ki « entegral ».

Reyalite mondyalizasyon

Dokiman an fè fidèl yo wè yon nouvo reyalite ki la e ki vin yon gwo defi pou angajman yo dwe pran kòm patizan Jezi. Se reyalite mondyalizasyon an. Kesyon sosyal la vin yon reyalite ki anvelope tout tè a nèt.

Egzijans solidarite

Dokiman an mande pou genyen plis solidarite nan mitan pèp yo. Li mande pou ekonomi an (fason yo pwodui, separe epi sèvi ak richès yo) vin nan sèvis tout moun. Li deklare : « Nouvo non pou n bay lapè se devlòpman ». Sa vle di : pa kab genyen lapè sou latè si genyen yon gwo distans ant divès klas moun, oswa ant peyi rich ak pòv yo. Pa kab gen lapè si pa gen jistis, si pa gen renmen (n. 22 ak 76).

Sa k nan enterè tout moun

Dokiman an se yon pozisyon radikal. Li mande gwo chanjman. Li kondane tout gaspiyay moun rich yo ap fè nan je moun pòv yo ki nan lamizè. Pap la di nan ki kondisyon yon moun gen dwa posede pou tèt pa l (*la propriété privée*). Pawòl la bay gwo chòk, paske l di : tout sa yon moun genyen kòm byen pa l toujou pote yon obligasyon sosyal tou, paske li pa janm pou li menm sèl (n. 23). Leta yo dwe pito sansib pou sa k nan enterè tout moun, pase y ap defann byen yon moun genyen pou kont pa l. Se yon prensip ki genyen tout enpòtans li, sitou jounen jodi a kote nou vin pran konsyans anpil sou dwa sosyal, ekonomik, ak kiltirèl yo tout moun genyen.

Evanjelize se defann sa k kòrèk

Dokiman an mete yon kesyon enpòtan devan tout moun k ap preche levanjil la. Ki sa k pi enpòtan nan travay preche levanjil la ? Oubyen bati kay legliz, paske yo rele yo kay Bondye ? Oubyen travay pou liberasyon ak diyite moun ki kay Bondye vivan an sou tè sa a ? Pap Pòl 6 mande layik yo pou yo kite Lespri Kris la chanje mantalite yo, mès yo, règ jwèt sosyete a ak lavi kominate yo (n. 81).

(JH)

**Senkyèm Konferans Evèk Amerik Latin yo
Aparecida – peyi Brezil
Mwa me 2007**

Voici quelques phrases pertinentes du Message final de la Conférence du CELAM à Aparecida, 31 mai 2007.

Lansèyman misyonè Legliz la nan sèvis Lavi

Mwen vini pou yo genyen lavi, e pou yo genyen 1 an abondans (Jan 10,10).

... Sosyete nou an toujou vin gen pi plis diferans ladan 1. Nou dwe rasanble tout fòs yo pou konstwi yon tè ki pi kòrèk, pi rekonsilye ak solidè.

Gwo ravin k ap separe rich ak pòv mande n travay ak plis kouray, tankou disip Jezi ki konn pataje tab lavi a, tab la ki reyini tout pitit fi ak gason Papa a, yon tab ki louvri, ki konn akeyi, kote pyès moun pa manke.

Nou pran angajman pou defann sa k pi fèb yo, yon fason espesyal timoun yo, malad yo, andikape yo, jèn ki nan sitiyasyon k ap menase yo, vye granmoun yo, prizonye ak moun nan detansyon yo, migran yo. Nou veye pou yo respekte dwa pèp yo genyen pou defann ak pou fè pwomosyon valè yo k ap soutni divès klas sosyal yo, sitou pèp natifnatal yo. Nou vle bay kontribisyon pa nou pou garanti kondisyon lavi ki alawotè diyite moun: pou genyen lasante, lamanjay, edikasyon, kay ak bon kondisyon travay pou tout moun.

Fidelite nou ak Jezi egzije n pou konbat tout mal k ap domaje oswa k ap detwi lavi tankou jete ptit, lagè, kidnapin, vyolans ak zam, zafè tewowis, abi seksyèl ak trafik dwòg. (# 4 nan Mesaj la)

Nou vle ...

... Tounen yon Legliz vivan, fidèl, ki genyen lafwa e
ki jwenn manje li nan Pawòl Bondye a ak nan Lekaristi.

... Fè pwomosyon layik yo, pou yo vin granmoun vre,
ki reskonsab yo menm tou nan misyon pou anonse Pawòl la
e pou rann Peyi Wa a vizib nan mitan n.

... Fè pwomosyon pou patisipasyon tout bon medam yo
nan sosyete a ak nan Legliz la.

... Fè yon novo jefò pou kenbe chwa preferansyèl pou moun pòv yo,
ki selon Levanjil la.

... Fè kontinan Amerik Latin nan tounen yon egzanp
rekonsilyasyon, jistis ak lapè.

... Pran swen Kreyasyon an, ki se Kay Nou Tout,
yon fason ki dakò ak pwojè Bondye a. (# 5. 2)

Klodèt Wèle (Claudette Werleigh) novo Sekretè jeneral Pax Christi Entènasyonal

Depi 5 novanm 2007, Mouvman entènasyonal katolik pou Lapè ki rele Pax Christi (Lapè Kris la), genyen Klodèt Wèle kòm novo Sekretè jeneral li. Nan novo fonksyon sa a, l ap swiv Etienne Dejonghe. **Komisyón Nasyonal Jistis ak Lapè an Ayiti se yon manm asosye nan Mouvman an.** Komisyón an esprime tout kè kontan l pou l kapab kolabore ak novo Sekretè a.

*P. Atilus Desca, Direktè Pòtoprens, te la nan gran Asanble kote sa te fèt la.
N ap li rapò l nan yon lòt Biltén.*

**Kongrè Jilap
Novanm 2006
Yon manm Jilap resevwa Pri pou Lapè Jilap**

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

Twazyèm Kongrè Nasyonal
Tòlann Pòtoprens
29 novanm rive 1 desanm 2006

Komisyon an renmèt **Mercius MENORD Pri pou Lapè 2006** sila a, pou plis pase 25 lane angajman li nan Komisyon Jistis ak Lapè nan pawas Bwadlorens la nan dyosèz Fò Libète.

Se benediksyon pou moun ki grangou ak swaf sa k kòrèk la ;
Se benediksyon pou moun k ap travay pou moun viv ak kè poze.
Matye 5, 6 ak 9.

Mesye Mercius Menord, ki marye e papa 6 ptit, se yon manm nan Komisyon Jistis ak Lapè nan pawas Bwadlorens depi plis pase 25 lane. Komisyon pawasyal sa a te pran pye nan lane 1982, nan kad pwosesis Sinòd dyosezen an nan dyosèz Ench la. P. Augustin Vrecko, sdb, te administratè pawas la nan moman sa a. Mercius Ménord te delege pawas la nan rankont dyosezen yo. Li fè anpil entèvansyon nan kad Komisyon an pou rekonsilye moun youn ak lòt, pou pran defans viktim enjistik, pou akonpaye moun nan Leta. Travay sa te mete Komisyon an bab pou bab ak lame d Ayiti ki te gen yon pòs nan lokalite a. Li toujou kenbe angajman I depi 25 lane Komisyon an egziste nan pawas la.

Deklarasyon Jilap nan peyi a

Bilten an fè sonje divès deklarasyon Jilap te fè depi mwa oktòd 2006 rive mwa oktòb 2007.

Pour la mémoire, dans cette rubrique nous mentionnons les interventions publiques de Jilap depuis octobre 2006 à octobre 2007. Le texte intégral de ces interventions se trouve sur le web : www.forumcitoyen.org.ht/jilap.

Jilap nasyonal

Mesaj twazyèm Kongrè nasyonal Jistics ak Lapè ki te fèt Tòlann soti 28 rive 2 desanm 2006. Tèm Kongrè a : « Jilap : ranfòse baz dinamik li pou bati lapè nan kominote yo ». Komisyon an pibliye yon mesaj jou ki 12 desanm 2006.

Jilap rele anmwe lè I wè kouman valè moral yo nan popilasyon an ap bese ; li rele anmwe le I wè reskonsab peyi a annik rekonèt feblès yo san yo pa pran bonjan mezi pou korije sa ki pa bon. ...

Komisyon an pataje doulè paran yo ki viktim kidnapin ptit ak manm fanmi yo. Li fè otorite yo sonje reskonsabilite yo genyen pou asire sekirite popilasyon an ak tout mwayen lalwa ba yo.

Nan kesyon grèv nan lopital jeneral k ap vyole dwa lasante moun ki pi pòv yo, Komisyon an mande otorite yo pou pa pèdi tan nan gwo esplikasyon administratif. ... Lopital jeneral la, HUEH, empòtan anpil, paske se lopital moun pòv ak malere peyi a li ye.

Nòt pou laprès. Yon evalyasyon elekson 3 desanm 2006. 6 desanm 2006.

Nòt pou laprès, jou ki te 5 mas 2007 la, sou fason y ap reprann elekson yo nan kèk kote. Komisyon an bay kòmantè l sou fason KEP la ap reprann elekson yon lòt fwa ankò nan plis pase 70 lokalite, pami yo genyen 8 komin.

Komisyon Jistics ak Lapè te prezan nan tout depatman yo pou obsève pwosesis elektoral la. Li te konstate plizyè kote konpòtman ireskonsab mandatè pati politik, ak divès gwoup elektè ki di yo reprezante tèl ou tèl pati politik. « Genyen menm kandida, kandida ansanm ak patizan yo ki te kreye twoublay ak konfizyon. Plizyè kote te genyen goumen, plizyè kote te genyen tantativ pou fè fwod. Kèk kote tou, yo te mete dife nan bwat vòt, yo t ap sèvi ak zam

pou fè presyon sou elektè yo, el. Lòt kote toujou se depite ak senatè ki te sòti nan elekson 21 avril 2006 yo ki te reponn prezan pou southi kandida yo e pou twouble lapè epi pou kreye konfizyon nan zòn yo. »

Komisyon an mande : « Lè n ap refè elekson, san yo pa pran okenn sanksyon kont okenn moun, gwoup, pati politik, ki kalite demokrasi n ap konstwi lè sa a? Ak ki kalite otorite? Eske se ak otorite ki kwè nan demokrasi ak nan enpòtans elekson tout bon vre? »

Nan dat 13 avril, Komisyon an te òganize yon konferans pou laprès kote I te kominike konklyzon yo apre tout pwoesisis elektoral la. Nan menm okazyon an, Komisyon an te renmèt bay laprès 2 dokiman sa yo :

Rapport d'observation électorale. Partie 1: Rapport de synthèse avec recommandations. Février 2007.

Elekson 2006 / Elections 2006. Dezyèm pati / deuxième partie. Pozisyon Komisyon an te pran pou tout moun konnen yo. Positions publiques de la Commission. Fevriye 2007.

Nòt pou laprès, 4 me 2007.

Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè esprime preyokipasyon I ak endiyasyon I **sou fason Lajistik ap fonksyone nan peyi a, e yon fason espesyal nan depatman Sid la.** Li denonse detansyon pwolonje 2 moun ap sibi, **Pedro Demorcy** ak **Nicolas Brionne** ki plizyè mwa nan detansyon, epi li denonse arrestasyon ilegal **Pè Mital Nerestant** ap sibi, ki te fèt nan dat, vandredi 27 avril 2007 nan vil Okay.

Rankont ak laprès. Prezantasyon yon ka detansyon pwolonje. Nan dat 28 jen ak 6 sektanm 2007, nan de (2) okazyon, sèvis jiridik Komisyon an te rankontre ak laprès sou ka Innocent Franckel, Clébert Sévère ak Wilfrid Bathole, ki viktim detansyon pwolonje nan penitansye nasyonal la. Yo te arete yo nan dat 25 novanm 2005. Jij denstriksyon an, Bernard Saint-Vil, te voye yo nan depo (penitansye nasyonal), kote yo pase 18 mwa san okenn jij pa rele yo anko.

Komisyon an mande: « Ki sa ki kapab lakòz yon sitiayson konsa ? ... Eske genyen volonte ak konviksyon ki nesesè pou fè jistis kòm sa dwa ? »

Nòt pou laprès sou elekson endirèk yo, Komite Egzekitif Jilap Nasyonal Jistis ak Lapè, 4 oktòb 2007.

Komite Egzekitif Nasyonal Komisyon Jistis ak Lapè konstate : « Depi 3 desanm 2006, yo gen tan fè elekson pou kolektivite territoryal yo. Nan dat 21 avril 2007, yo te reprann yo kèk kote. Nan dat 25 jiyè ak 11 sektanm 2007, jounal ofisyèl peyi a gen tan pibliye rezulta yo. KEP la fin prepare yon avan pwojè lwa pou òganize elekson endirèk nan peyi a, epi yo renmèt li

bay Egzekitif la depi 24 me 2007. Depi lè sa, anyen pa di ankò sou elekson yo. » Komisyon an mande pou yo òganize elekson endirèk yo ki pèmèt yo òganize KEP la jan Konstitisyon peyi a mande l la.

Gwoup Rechèch ak Refleksyon

Refleksyon sou Manman Iwa peyi a, 27 mas 1987. Novanm 2007. Nan dokiman sa a, Jilap voye bay tout komisyon yo atravè peyi a, GRR poze kesyon an : Eske pi gwo pwoblèm peyi a jounen jodi a se Konstitisyon an ? Eske se konstitisyon an ki fè devlòpman peyi a pa fêt ? Ki plan devlòpman ekonomik ak sosyal ki genyen pou peyi a ?

Obsèvasyon vyolans nan zòn metropolitèn nan

Pandan tout lane 2006 ak 2007, Komisyon Achiduosèz Pòtopens nan tètansanm ak sekretarya nasyonal la, te kontinye ap bibliye rapò bilan sou vyolans nan zòn metropolitèn nan. Men divès rapò Komisyon an te bibliye nan kad obsèvasyon sila a :

Rapò 21. Vyolans nan lari zòn metropolitèn nan. 3 mwa : oktòb pou rive desanm 2006. Lèt tou louvri pou tout otorite ki konsènen yo. 25 janvye 2007.

Rapò 22. Vyolans nan lari zòn metropolitèn nan. 3 mwa : janvye, fevriye ak mas 2007. Lèt tou louvri pou tout otorite ki konsènen yo. 10 avril 2007.

Rapò 23. Vyolans nan lari zòn metropolitèn nan. 3 mwa : avril, me ak jen 2007. Lèt tou louvri pou tout otorite ki konsènen yo. 10 jiye 2007.

Nan dat 11 jiye 2007, Komisyon an te renmèt bay otorite yo ak laprès nan peyi a yon bilan sou 5 lane obsèvasyon vyolans nan zòn metropoliten an. Nan okazyon yon seyans biblik, yo te renmèt dokiman sila yo bay laprès :

Kèk konsiderasyon apre 5 lane obsèvasyon vyolans nan zòn metropoliten an.

Men yon ti bout nan dokiman an :

Ki sa Jilap pwopoze ? Jilap te fè plizyè pwopozisyon an rapò ak vyolans la. Si n konsidere sa n te aprann, ak sa n konsidere kòm sous vyolans, nou deja wè plizyè pwopozisyon.

Jilap plede pou yon Leta reskonsab, kote moun ki asepte yon fonksyon, oswa moun yo konfye yon fonksyon, pran reskonsablité yo tout bon. Leta dwe kontwole komès zam ak bal. Lapolis dwe byen òganize tèt li, li dwe konpetan e byen motive.

Jilap plede pou yon Leta dedwa, kote se lalwa ki di ki sa k kab fèt. Kote tout moun respekte lalwa, san fent, san privilèj, paske se li k regle lavi kominate ant sitwayen ki egalego youn ak lòt.

Jilap plede pou yon sistèm Lajistis k ap mache, ki pini koupab yo jan lalwa mande l. Enpinit ak move sitirans se yon gwo rezon ensekirite nan peyi a. Nan chak rapò nou te pale sou kesyon enpinit sa a. [...] Detansyon pwolonje (illegal) sa a pa ta dwe egziste nan yon leta dedwa kote yo respekte moun.

Jilap plede pou yo respekte diyite ak dwa tout moun. Vyolans mare ak mark jistis sosyal. Jistis sosyal, se satisfaksyon bezwen fondamantal yo pou yon moun kab viv. Respekte diyite moun se egzije pou koupab yo rann kont. Se fondman lit kont enpinit a. Respè pou moun ki nan detansyon ladan tou. Sistèm penitansye a dwe respekte diyite moun ak dwa yo, menm dwa sa ki koupab la. Prizon yo dwe ranpli wòl yo anndan soyete : pini moun, men sitou prepare yo pou yo tounen anndan soyete a kòm sitwayen toutbon.

La violence en Haïti, fruit ou résultat d'un système ? Yon refleksyon Djimpps Gilles te fè.

Jilap Pòtoprens

Nòt pwotestasyon Komisyon Achidyochèz Jistis ak Lapè Pòtoprens sou sitiyasyon vyolans nan zòn Matisan. 20 desanm 2006.

Nòt la fèt nan okazyon asasinay sou yon manm Komisyon an nan pawas Sent Bènadèt, **Beausier Exelman**, yon jèn gason 20 lane. Li mouri anba bal bandi jou ki 5 desanm 2006. Komisyon an salye tout moun nan Matisan kote dlo pa janm sispann koule nan je yo akòz bandi ak zam ki kontinye ap simen dèy nan mitan popilasyon an, san n pa blyie tout lòt zòn nan departman Lwès la k ap viv menm moman difisil sa yo.

Nòt la mete plizyè demann devan Gouvènman an pou korije sitiyasyon sila a.

Mesaj Komisyon Jistis ak Lapè Achidyochèz Pòtoprens, Sant Pon, ICKL, ak TKL nan dat 4 mas 2007, jounen nasyonal Jistis ak Lapè. Tèm mesaj la : « Bati Lapè se responsabilite chak patizan Jezi Kri ak chak sitwayen an jeneral ».

Divès òganizasyon sa yo ansanm fè bilan sitiyasyon peyi a sou **plan sosyal**, sou **plan ekonomik** ak sou **plan politik**.

Men sa òganizasyon sa yo ansanm pwopoze:

- 1) « Pou responsab Leta yo òganize tout resous peyi a nan benefis tout sitwayen yo.
- 2) Pou moun rive travay nan kondisyon ki koresponn ak diyite yo, tankou moun.
- 3) Pou lajan taks yo sèvi nan kominate yo pou kreye enfrastrikti pou ankouraje developman.

Tankou : mete dlo potab, swen lasante, ledikasyon, elektrisite, sant lwazi pou jenès la.

- 4) Pou lapolis ak Minista rive fè entèvansyon yo nan respè pou diyite chak moun genyen.
- 5) Pou lalwa aplike tout bon vre pou tout moun kèleswa nivo sosyal li.
- 6) Nan tout enstitisyon Leta yo, pou diskriminasyon ak esklizyon sosyal rive kaba.
- 7) Pou tout sitwayen pran reskonsablite yo pou travay nan mete peyi a sou ray devlopman nan chèche òganize tèt yo nan asosyasyon ak nan sendika.
- 8) Pou Legliz la toujou kanpe bò kote sa k pi fèb yo, pou l ankouraje valè sa yo tankou : respè, verite, tolerans, solidarite. Pou tabli yon klima jistis ak renmen nan mitan tout moun kèleswa koulè po yo ak pozisyon sosyal yo. »

Pou fini, Komisyon Jistics ak Lapè, San Pon, ICKL ak TKL yo rete kwè si tout kondisyon sa yo reyini, se lè sa a, lapè tout sitwayen reve a va rive tabli.

Mesaj komisyon Jistics ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens, nan okazyon 13zyèm Asamble Jeneral li, sòti 29 out rive 2 sektanm 2007, kay Pè Salezyen yo Tòlann, sou tèm nan : «Jilap yon zouti chanjman nan sèvis Legliz la ak nan Sosyete a ».

Jilap Achipo te reyini ak plis pase 90 delege ki sòti nan 35 pawas nan Achidyosèz la. Li te reflechi sou tèm nan ki fè yo dekouvrir enpòtans yo nan sosyete a ak nan sèvis Legliz la pou rive marye lafwa yo ak reyalite levanjil la.

Mesaj la lonje dwèt sou divès pwoblèm tankou kesyon lekòl la : « ... nou konstate Leta k ap klewonnen yon sibvansyon li pa kab rive kontwole. Paran yo pa kab voye timoun yo lekòl e responsab lekòl yo ki pran plezi yo ap monte pri lekòl la. Men ... kilès ki reskonsab ? Kilès ki viktim ? » Sou Lajistics, yo deklare : « Lajistics toujou rete yon baryè pou mas pèp la. Lè n konsidere yon sistèm jidisyè ki pa kadre ak mantalite pèp la, lè n gade jan moun ap kwoupi nan prizon san jije, lè n gade kouman leta a ap pale sou zafè refòm sistèm jidisyè a depi digdantan, n ap mande : Ki refòm ? Ki jistics ? Pou ki pèp ? » Gen lòt pwoblèm toujou tankou divizyon ki genyen ant Pouwva yo epi silans politisyen yo, anviwònman an k ap degrade chak jou pi plis, zak imoral diferan okipan yo ap fè nan peyi a, ak piyay anba lanmè ak nan patrimwàn nou yo, fason y ap mennen diplomasi a nan peyi a. Tout bagay sa yo fè nou gen kè sote pou avni peyi a. Komisyon an mande pèp la pou l toujou rete veyatif nan batay pou satisfè bezwen fondalnatal li yo, etan l ap renouvre angajman l bò kote pèp la nan revandikasyon li yo.

Nòt pou laprès, 4 jiyè 2007.

Komisyon Achidyosezèn Jistics ak Lapè Pòtoprens kondane fason ajan lameri ak lapolis te fè pou deloje ti machann yo bò katedral la. « ... nou konstate ajan sa yo kraze epi boule tab ti machann yo. »

Jilap Jakmèl

Mesaj Komisyon Jistis ak Lapè pawas Katedral Jakmèl ak Komisyon dyosezèn nan nan okazyon jounen mondyal anviwonman. Jou ki te 5 jen 2007.

Komisyon an fè yon seri konsta ki montre jan anviwònman an ap degrade nan zòn Jakmèl.

Apre sa, li fè yon seri rekòmandasyon :

« Nou mande :

- Pou chak sitwayen nan peyi a pran konsyans anviwònman peyi a pa kapab ap depafini konsa, fòk yo mete tèt yo ansanm, men nan men pou yo di kichòy, fè kichòy pou pèmèt anviwònman an rete fre epi pwòp. (...)
- Pou gen bon jan mezi ki pran ak tout moun k ap devalize, devaste pye bwa yo san yo pa plante youn.
- Pou chak komin, chak seksyon, gen yon kò espesyal pou pèmèt mezi sa a respekte.
- Pou Leta pran bon jan mezi pou egzije moun yo itilize poubèl lari yo olye yo jete fatra nenpòt kote.
- Pou Leta bay peyizan yo bon jan ankademan, etan y ap ankadre agwonòm yo ak materyèl ki nesesè pou travay yo, yon fason pou peyizan yo pa desann lavil vin vann dlo, poud ji, pye ak kou poul, epi tout lòt pwodwi etranje.
- Pou tout Ayisyen sispann lonje dwèt sou Leta san yo pa wè wòl yo, responsabilite yo nan travay pou pèmèt anviwònman peyi a rekouvri ak pye bwa l yo ankò, epi rete pwòp.
- Pou Leta fè kèk aktivite nan pwofit rebwazman ak pwoteksyon anviwònman an tankou òganize konkou fen dane ak elèv yo sou kantite pye bwa yo plante ak pwoteje (yon ane lekòl gratis kòm rekonpans). (...)
- Anfen, se pou tout Ayisyen rewè pwodiksyon nasyonal la ak yon lòt je yon fason pou yo valorize l, renmen l, ba l jarèt etan y ap fèmen vant yo ak pwodwi etranje epi louvri l ak pwodwi lakay. »

Jilap Pòdepè

Nòt pou laprès, jou ki te 9 jen 2007.

Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Pòdepè sezi tandem kòman yon ekip kriminèl rive touye yon sitwayen byen pezib ki rele Gesner Saintil nan pawas Chansòl. Sa ki pi fè yo mal se lè jij la arete prezime otè a, li poko rive nan gadavi a, avoka li ak yon komisè pa menm koute l, yo libere li. Komisyon an ap mande ki lè enpinite ap fini, ki lè tout sitwayen va egalego devan lalwa.

Nòt pou laprès, jou ki te 24 oktòb 2007, sou asasina ak lòt zak vyolans ki komèt nan dyosèz Pòdpè.

Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Pòdepè denonse fason moun ap mouri ak fason lajistis trete moun ki nan prizon yo.

Jilap Okay

**Asanble jeneral dyosèz Okay te fèt nan Fwaye Mizerikòb, sòti 31 out rive 1^e sektanm 2007.
Tèm nan « Kijan komisyon pawasyal yo kapab vin pi djanm »**

Jilap Okap

Nan yon **Mesaj nan okazyon Jounen mondyal Lapè, 1 janvyé 2007**, Komisyon Achidyosèz Okap la mande tout manm li yo, pou ranfòse baz dinamik li yo nan lide pou bati lapè nan kominote yo. Nan okazyon sa a, Komisyon an pran nòt sou detrè ak doulè pèp Ayisyen an, konsa li envite chak kretyen vivan pou pran Bib la nan moman yo santi yo dezespere. Nan Jan 14 , 1 ak 27 nou li: « Pa kite kè nou twouble! Kwè nan Bondye, se la ki gen lapè, ki se vrè lapè n ap chèche a. Konsa, chak kretyen Ayisyen dwe fè lapè ak tèt yo epi ak pwochen yo, jan nou abitye bay egzanp deja. »

Kretyen yo genyen lesson pou yo bay kominote entènasyonal la nan mande gwo puisans yo chanje konpòtman yo parapò ak ti peyi yo sispann domine yo (ti peyi), pou yo respekte mòd lavi yo ak dwa granmoun peyi sa yo.

Fòk nou di yo rele « enperialis » fòm politik ki pèmèt yon nasyon pran yon ansanm dwa pou li domine lòt nasyon. Politik gwo ponyèt ki genyen non anglè «big stick » ki genyen kòm mak fabrik vide bonm ak vyolans sou lòt peyi ogmante santiman rayisman kay pèp yo pou gwo peyi yo epi l ap ogmante teworis yo.

Nan tan difisil sa a, Komisyon Okap la mande tout Ayisyen yo, pale, aji ak tout fòs pou lapè epi pou kontrekare move zak malveyan k ap mache fè dega ki tounen yon fado pou sosyete nou an.

Kèt Jistis ak Lapè

Pou dezyèm dimanch karèm 2006 ak 2007, ki se dimanch Jistis ak Lapè, plizyè pawas te bay kontribisyon pa yo pou travay Jistis ak Lapè a fêt pi byen nan peyi a. Chak ane nou wè pawas yo fè yon bél pa annavan. Plis pawas bay konkou yo tou. Nou di tout pawas yo yon gwo mèsi pou kolaborasyon yo. Nou fè yo konpliman pou sa. Men rezulta két èspesyal la te bay nan lane 2006 ak 2007, *selon rezulta yo ki te rive vin jwenn nou.*

Dyosèz Okay		2006	2007
Pawas Bouzi	:	Goud	300,00
Pawas Chadonyè	:	Goud	325,00
Pawas Fondènèg	:	Goud	-
Pawas Lèzanglè	:	Goud	475,00
Pawas Kavayon	:	Goud	550,00
Pawas Tòbèk	:	Goud	675,00
Pawas Disis	:	Goud	400,00
Pawas Pòtапiman	:	Goud	-
Pawas Koto	:	Goud	-
Pawas Govin	:	Goud	-
Pawas Labòd	:	Goud	400,00
			2.100,00
			6.657,50

Achiduosèz Pòtoprens

Pawas Bizoton	:	Goud	2.500,00	1.790,00
Chapèl MIC	:	Goud	-	1.612,00+US\$ 1.00
Chapel Sent Wòz Lali	:	Goud	2.260,00	2.530,00+US\$ 3,00
Pawas Site Militè	:	Goud	-	2.152,00
Pawas Sent Terèz Lilavwa	:	Goud	-	1.200,00
Pawas Sen Schal Kafou	:	Goud	-	1.000,00
Pawas Sen Michèl Mòn a Chandèl	:	Goud	-	500,00
Pawas Sent Bénadet	:	Goud	-	1.000,00
Pawas Sent Jenevyèv Oranje	:	Goud	-	285,00
Pawas Sen Pyè Petyonvil	:	Goud	-	4.060,00
Pawas Sen Pyè Granbwà	:	Goud	-	440,00
Pawas Kwa dè Misyon	:	Goud	-	5.622,00
Pawas Senta	:	Goud	-	511,00
Pawas Fonbatis	:	Goud	-	465,00
Pawas Sen Jera	:	Goud	3.420,50	-
Pawas Ans Agalè	:	Goud	300,00	-
Pawas Delat	:	Goud	553,50	750,00

9.033,50 23.919,00+ US\$4,00

Dyosèz Pòdpè

Mawouj	:	Goud	1.005,00	1.500,00
Chansol	:	Goud	1.000,00	1.300,00
Gaspa	:	Goud	-	70,00
Dibwa	:	Goud	-	1.000,00
Lakwa Sen Jozèf	:	Goud	-	725,00
Katedral	:	Goud	-	20.350,00
Boden	:	Goud	<u>-</u>	<u>1.000,00</u>
			2.005,00	25.945,00

Dyosèz Ench

Lopital Sent Terèz	:	Goud	232,80	-
Pawas Pàndyasou	:	Goud	237,00	-
Chapèl Layay	:	Goud	285,20	-
Pawas Saltadè	:	Goud	-	500,00
Pawas Mamou	:	Goud	225,00	-
Pawas Basen Zim	:	Goud	-	354,00
Pawas Koladè	:	Goud	-	284,00
Pawas Tomazik	:	Goud	225,00	500,00
Pawas Sakre Kè	:	Goud	500,00	-
Pawas Basen Zim	:	Goud	540,00	
			2.245,00	1.638,50

Dyosèz Jakmèl

Pawas Lavanno	:	Goud	500,00	600,00
Pawas Sen Michèl	:	Goud	-	750,00
Pawas Gandou	:	Goud	500,00	-
Pawas Mabyal	:	Goud	750,00	-
Pawas Katedral	:	Goud	-	2.000,00
Pawas Benè	:	Goud	1.445,00	-
Pawas Boden	:	Goud	425,00	-
Pawas Lamontay	:	Goud	-	500,00
Pawas Meyè	:	Goud	1.000,00	1.202,50
Pawas Kay Jakmèl	:	Goud	<u>-</u>	<u>250,00</u>
			4.620,00	5.302,50

Dyosèz Fòlibète

Pawas Akil Dèpen	:	Goud	302,00	-
------------------	---	------	--------	---

Pawas Dilè	:	Goud	716,00	-
Pawas Ganize	:	Goud	-	506,00
Pawas Vilè	:	Goud	-	680,00
Pawas Kapotiy	:	Goud	272,50	-
Pawas Karis	:	Goud	571,00	185,00
Pawas Katedral	:	Goud	1.580,00	950,00
Pawas Gwos Wôch	:	Goud	378,00	445,00
Pawas Delivrans	:	Goud	-	860,00
Pawas Monben Kwochi	:	Goud	145,00	-
Pawas Teryè Wouj	:	Goud	229,00	-
Pawas Karakòl	:	Goud	553,00	802,00
Pawas Bwat Lorens	:	Goud	-	330,00
Pawas Fayeton	:	Goud	-	152,00
Pawas Valyè	:	Goud	220,00	-
Pawas Wanament	:	Goud	<u>3.311,00</u>	<u>2.780,00</u>
			8.277,50	7.690,00

Dyosèz Okap

Pawas Rankit	:	Goud	-	547,00
Pawas Petitans	:	Goud	1.000,00	1.000,00
Pawas Katyé Moren	:	Goud	1.500,00	2.000,00
Pawas Maganyòs	:	Goud	400,00	820,50
Pawas Limonad	:	Goud	1.089,00	3.989,00
Pawas Labriyè	:	Goud	-	350,00
Pawas Bawon	:	Goud	-	1.400,00
Pawas Katedral	:	Goud	-	1.500,00
Pawas Limonad	:	Goud	<u>3.989,00</u>	<u>1.410,00</u>
				13.016,50

Dyosèz Jeremi

Pawas Sakre Kè	:	Goud	330,00	254,50
Pawas Moron	:	Goud	225,00	-
Pawas Chanbalan	:	Goud	320,00	-
Pawas Nimewo 2	:	Goud	105,00	141,00
Pawas Lori	:	Goud	116,50	141,00
Pawas Rozo	:	Goud	201,00	200,00
Pawas Previle	:	Goud	-	732,00
Pawas Mafran	:	Goud	-	206,00
Pawas Pestèl	:	Goud	-	200,00
Pawas Lopino	:	Goud	-	500,00
Pawas Sen Lwi	:	Goud	-	750,00
Pawas Meday	:	Goud	-	326,00
Pawas Abriko	:	Goud	-	300,00
Pawas Sent Elèn	:	Goud	-	215,00

Pawas Gran Vensen	:	Goud	-	956,00
Pawas Chadonèt	:	Goud	-	125,00
Pawas Bonbon	:	Goud	-	700,00
Pawas Vye Bou	:	Goud	-	500,00
			1.297,50	6.246,50

Dyosèz Gonayiv

Pawas Gwomòn	:	Goud	-	985,00
Pawas Lavizitasyon	:	Goud	-	375,00
Pawas Lalomas	:	Goud	175,00	-
Pawas Vérèt	:	Goud	336,00	335,00
Pawas Rivyè Mansèl	:	Goud	305,00	328,00
Pawas Cheno	:	Goud	-	310,50
Pawas Lyankou	:	Goud	-	715,00
Chapèl Pwent de Mang	:	Goud	510,00	500,00
Sant Sous Chòd	:	Goud	408,00	345,00
Pawas Labrand	:	Goud	502,00	880,00
Sant Bokozèl	:	Goud	321,00	225,00
Chapèl Koridon	:	Goud	205,00	180,00
Pawas Jan Denis	:	Goud	476,00	95,00
Sant Lachapèl	:	Goud	456,00	380,00
Chapèl Avon	:	Goud	-	800,00
Pawas Koto	:	Goud	523,00	-
Chapèl Lakwa	:	Goud	-	50,00
Chapèl Sèka	:	Goud	-	65,00
Chapèl Delan	:	Goud	-	100,00
Pawas Tènèv	:	Goud	218,00	625,00
Pawas Ennri	:	Goud	615,00	-
Pawas Pon Sonde	:	Goud	381,00	-
Pawas Mamlad	:	Goud	258,00	-
Sant Lagon	:	Goud	-	200,00
			5.689,00	7.493,50

2006 2007

Grand Total : Goud 39.265,50 97.909,00+US\$4

JILAP te patisipe

**Rankont ki te fèt nan Aperecida,
Peyi Brezil sòti 17 pou rive 25 me 2007**

Le P. Guy Domond, Directeur de la Commission de Jacmel a participé, sur invitation du CCFD (Comité Catholique contre la Faim et pour le Développement) à une série d'activités en marge de la cinquième Conférence du CELAM, sur le thème «Disciples et missionnaires de Jésus Christ, pour que nos peuples aient la vie en lui. »

Disip ak Misyonè Jezi Kri, pou tout pèp nou yo jwenn lavi nan li

Depi 17 pou rive 25 me 2007, kòm reprezantan Komisyón Jistis ak Lapè, mwen te patisipe nan yon rankont nan peyi Brezil. Rankont sa a te òganize avèk plizyè patnè CCFD (Komite katolik kont grangou ak pou devlòpman, yon òganizasyon nan peyi Lafrans). Rankont la te fèt nan okazyon 5yèm Konferans Evèk Amerik Latin ak Karayib yo. Li te fèt an menm tan Evèk yo t ap reyini nan asanble Konferans la. Nou te 40 patisipan. Divès responsab nan tout branch pastoral Legliz peyi Brezil la ak lòt peyi Amerik Latin yo te la kòm envite. 95% se te layik ki te vle diskite antre yo sou zafè pastoral Legliz la. Prezans teyolojen layik ki t ap travay anndan Konferans la te pèmèt gwoup la voye tout doleyans yo bay evèk yo pou yo analize yo.

Yo te rive fè anpil pwopozisyon pou rive genyen **yon nouvo modèl Legliz** : yon Legliz ki ta dwe sòti anndan sistèm tradisionalis la ki parèt twò konsèvatè. Sistèm sa a pa bay twòp plas pou **layik yo** ki konsidere kòm youn nan poto mitan Legliz la. Sistèm sa a pa bay **fanm yo** valè nonplis, menm si yo reprezante 70 a 75 % anndan tout aktivite pastoral legliz la.

Pi gwo deba rankont sa a te chita sou pwen sa yo :

- ✓ Preferans pou moun pòv yo ak moun ki majinalize anndan sosyete a.
- ✓ Moun ki sibi tout kalite zak vyolans sou tout fòm
- ✓ Moun ki ap pran kanntè nan move kondisyon paske yo pa jwenn ankadreman nan peyi yo oubyen tou ki pèsekite.

- ✓ Moun k ap viv san moso tè pou l kapab travay
- ✓ Moun k ap detwi lanati a.
- ✓ Pwoblèm ant peyi Nò (rich) ak peyi Sid (pòv).
- ✓ Pwoblèm mondyalizasyon
- ✓ Pwoblèm mache lib ant peyi yo.

Tout sa se defi Legliz la genyen pou leve nan 21yèm syèk sa a. Legliz la pa ka neglige sa k ap pase nan tan sa a nan domèn sosyal, ekonomik, politik ak espirityèl.

Anndan rankont sa a, nou te gade tou yon fason moun yo ap viv nan Amerik Latin nan. Youn nan gwo sijè ki te debat se te lit pou fanm yo rive jwi menm dwa ak gason yo. Relasyon fi ak gason dwe chanje: li dwe evite tout atitud kolon. Yo te di tou byen tè a mal pataje. Anpil fwa, yon ti minorite ki chaje ak pwisans ap fè dappiyant sou tout byen yo. Paske li gen pouvwa, l ap deside sou do gran majorite a ki toujou ap kwoupi nan lamizè. Nou dwe aprann di : « **Ap genyen pou mwen menm tou sèlman lè tout moun rive genyen dekwa pou yo viv** ». Yo te poze tèt yo kesyon : Eske Legliz la se ekspresyon Peyi kote Bondye Wa a, oubyen eske li pito montre yon seri verite anlè anlè nou dwe aksepte konsa konsa ?

Rankont ki te fèt Aparenda konsène tout Legliz la, pa sèlman evèk yo. Legliz la dwe fè tandem vwa li chak fwa sitiyasyon an mande sa. Legliz la toujou dwe ajiste l ak sa tan n ap viv la bezwen. Jezi te toujou marye pawòl li avèk aksyon l. Legliz la genyen yon misyon pwofetik. Li dwe leve yon pakèt defi pou l kapab reponn tout bon vre ak misyon sa a. Li bezwen etabli bon jan dyalòg ant reliyon yo yon fason pou kase tout mi k ap separe youn ak lòt. Li bezwen travay pou chase tout laperèz ki egziste tankou :

- ✓ Lapèrez pou antre fon nan sa ki konsène politik
- ✓ Lapèrez pou enplike medam yo nan zafè travay ak nan desizyon k ap pran pou avni Legliz la
- ✓ Lapèrez pou pale de seksyalite moun
- ✓ Lapèrez pou fè antre layik yo pi plis nan misyon an

- ✓ Lapèrez pou travay tout bon pou disparèt baryè ant rich ak pòv
- ✓ Lapèrez pou fasilité dyalòg nan mitan tout moun.

Jounen jodi a, nou konstate Legliz la pale sou pòv yo, men, li manke travay pou ede yo chanje kondisyon y ap viv la. Legliz la gen yon gwo defi pou li leve nan fòmasyon konsyans pèp la. Anpil fwa, Legliz la parèt yon jan fèmen sou limennm. Plizyè milye kretyen katolik ap kite Legliz la paske yo pa santi Legliz la touche y o, Legliz la pa di yo anyen. Legliz la parèt two estatik [estab], li pa ouvè ase, ou ta di : li gen 2 pye li ap balote anlè san li pa ateri sou latè. Sa fè, kretyen anpil fwa ap chèche yon reliyon kote yo kapab esprime tout sa yo ye, tout sa yo santi ak tout sa y ap viv. Legliz la pa dwe pè evalye tèt li ak misyon li genyen bò kote moun yo. Li pa dwe pè yo kritike mòd fason l ap aji yo. Anpil moun konn chwazi kite Legliz la paske li pa vle aksepte fay, feblès ak erè li yo.

Jounen jodi a, nou dwe konsti yon nouvo modèl Legliz. **Yon Legliz ki santi li plante nan kè istwa a**, ki pran konsyans de tout defi li genyen pou l leve. Nou bezwen yon legliz k ap chèche transfòme sistèm yo ak espas kote n ap viv la. Labib la se tankou yon miwa. Legliz la dwe toujou gade tèt li nan miwa sa a. An menm tan, li toujou dwe chèche dyaloge ak divès kouch sosyal ki nan sosyete a. Men kèk gwo pwen ki make tan n ap viv la : Legliz dwe travay pou mande revize zafè dèt ekstèn peyi yo genyen ; li dwe travay pou genyen plis respè nan koze dwa moun ; dwe gen plis solidarite nan mitan moun yo. Legliz la dwe etidye « siy tan an » yo, pandan l ap gade, l ap fikse je l sou Jezi ki toujou genyen yon fason pou abòde chak sitiayson. Legliz la nan misyon li, dwe fè jefò pou konprann reyalite a avèk je Bondye.

Depi konferans ki te fèt Pwebla (nan lane 1979) jus rive konferans Sendomeng (nan lane 1996), selon sa patisipan yo t ap di, yo pa t rive santi prezans Legliz la kòm pwofèt anndan mouvman yo, anndan tout branch pastoral ki egziste yo. Jodi a, si n ap anonce Peyi kote Bondye Wa a, se kenbe Levanjil la nan yon men epi reyalite pèp yo nan lòt la.

Nan rankont sa nou te viv ansanm nan, defi yo parèt anpil devan Legliz la. Konsa, tout moun alawonbadè dwe mete men pou chèche rezoud tout pwoblèm

sa yo k ap trakase bil nou nan mond lan. Koze mondyalizasyon an pase pran tout moun nan bak la, ni peyi rich, ni peyi pòv, ni moun ki konn li, ak sa k pa konn li. Legliz la dwe mobilize seryezman pou gade reyalite a pi byen, pandan l ap travay pou montre vre vizaj ak vre pozisyon Jezi genyen nan transfòmasyon tè sa a kote n ap viv la.

Pè Guy Domond

**Lakou Entèameriken Dwa Moun
130yèm sesyon òdinè
Washington, 8 rive 18 oktòb 2007**

Me. François Grégoire a participé à la 130^{ième} session ordinaire de la Cour interaméricaine des Droits humains, qui a eu lieu à Washington du 8 au 18 octobre 2007. Son témoignage portait sur la question de la violence en Haïti.

Konbat vyolans, travay pou Lapè

Mèt Franswa te santré **temwayaj li te bay la devan Lakou entèameriken pou Dwa moun** sou reyalite vyolans ak vyolans ki fèt sou fanm nan lane 2002 pou rive nan lane 2007. Objektif deba a se te pou jwenn kèk chimen solisyon ki vrè e ki ka dire, epi tou pou kreye kondisyon pou pèmèt fanm Ayisyèn yo vin granmoun tèt yo.

Men kèk konsta ki fèt sou sitiyasyon sa a. Nou wè depi plis pase 20 lane, peyi d Ayiti ap soufri anba gwo zak vyolans, tankou : vyolans politik, vyolans kriminèl, vyolans awfowntman gang ame, ka kidnaping, asasina ki òganize, elatriye...

Sitiyasyon sa a, bay nesans ak yon klima gwo ensekirite. Pòtoprens ki kapital Repiblik d Ayiti, konte anviwon 2.000.000 moun k ap viv ladan l. Yon kantite moun pa gen kote pou yo rete, ankò, kapital la pa gen yon estrikti pou akeyi tout moun sa yo. Sitiyasyon sa a mennen tout kalte vyolans tankou : chomaj, esklizyon sosyal, pa gen aksè ak sèvis elemantè yo, tankou kote pou moun rete,

dlo pou bwè, manje, kouran elektrisite, lekòl, swen pou lasante, elatriye... Sitiyasyon sa a, bay nesans ak yon maladi ki nan dènyè limit epitou ki vini pou peri tout bon fonksyònman sosyete a.

Enstitisyon peyi a pa fonksyone kòm sa dwa, yo pa ka reponn ak atant sitwayen ak sitwayèn yo. Sa bay nesans ak gwo ensekirite jiridik pou popilasyon an. Lajistis ki se yon gwo pilye nan twa pouvwa, ki la pou pwoteje sitwayen yo epi pou mete ekilib nan mitan yo lè gen konfli, pa fonksyone kòm sa dwa. Pa gen sekirite jiridik paske gen koripsyon anndan sistèm jidisyè a. Pòt la louvri pou enpinit blayi nan sosyete a.

Ki sa enpinit a ye ? Enpinit se moun ki merite jwenn pinisyon pou yon zak li fè ki kontrè ak lalwa, men okenn moun pa mande l pou rann kont.

Menm otorite ki reskonsab yo ankouraje enpinit a, paske yo pa pran okenn mezi pou mete fren nan fenomèn sa a. Konsa, plizyè moun yo denonse oubyen yo sispèk nan ka ki merite pini dapre lalwa, kontinye ap mache libelibè. Souvan yon pwòch ki nan pouvwa a ap pwoteje yo, oubyen yon otorite jidisyè pa aplike lalwa sou yo. Nan sitiayson sa a, plizyè moun ki viktim yon zak oblige viktим yon dezyèm fwa, paske li pa jwenn chans pou wè menm lonbraj jistis la.

Ki kòz ki pote blokaj nan sistèm jidisyè Ayisyen an ? Kèk jij manke konpetans ; twa Pouwva Leta yo pa separe ; yon seri kòd lalwa two ansyen ; gen lwa yo pa kab aplike ; yo pa administre tribinal yo kòm sa dwa ; divès antite ki fòme aparèy jidisyè a manke bon jan tètansanm antre yo ; jij yo pa touche kòm sa dwa ; pa gen mwayen pou fè aparèy jidisyè a mache.

Sou verite sa yo, ki dimansyon vyolans nou anrejistre, daprè ankèt nou te mennen nan nivo kapital la ? Ki kantite viktim zak vyolans nou te anrejistre, sòti jiyè 2002 pou rive jen 2007 ? An total 3.100 kretyen vivan ki pèdi vi yo nan vyolans nan kapital la. Nan yo, 2352 se moun ki viktim ak zam revolvè ; 220 lòt se moun ki viktim ak zam blanch ; 528 moun ki mouri nan aksidan, katastwòf natirèl oubyen negligians.

Pou fini, tout soryete ki pa chita sou respè lalwa kondane pou konnen yon dezekilib total. Se sitwayen yo ki premye reskonsab pou bòn mach soryete a. Yo dwe travay pou avni soryete a, pandan y ap konbat tout pratik negatif ki pa cadre ak dwa moun. Vvolans lan se zam moun ki fèb. Yo dwe konbat ak tout fèmte, nenpòt pou ki motif yo ta vle ak li. Lit kont vvolans, kriminalite, zak bandi ak enpinite dwe yon sousi ak preyokipasyon pou tout soryete a. Sèl fason pou konbat li se nan respè nèt ale pou lwa yo, prensip yo ak konvansyon yo.

Mèt François Grégoire

**Pwogram Entènasyonal Fòmasyon sou Dwa Moun
Kebèk, Kanada, 10 rive 29 jan 2007**

**28 yèm Sesyon
Sant entènasyonal edikasyon sou Dwa moun**

Jocelyne Colas a participé au mois de juin 2007 à la 28 ième session de formation sur les droits humains organisée par le Centre international d'éducation aux droits humains, Equitas. Dans cette contribution, elle donne quelques impressions sur le formation.

Equitas (Ekitas), ki se Sant entènasyonal edikasyon sou dwa moun, te reyini plis pase 150 patisipan ki soti nan plis pase 40 peyi nan divès kontinan, pou 28yèm pwogram fòmasyon entènasyonal sou dwa moun. Rankont la te fèt nan Sentàn de Bèlvi, yon kominote nan Vil Kebèk peyi Kanada, soti 10 pou rive 29 jan 2007. Sèt (7) Ayisyen ki soti nan 7 òganizasyon diferan (JILAP, GARR, RNDDH, GRIEAL, ENFOFANM, CROSE) te patisipe.

Fòmasyon an te mete aksan sou plizyè enstriman entènasyonal pou defann Dwa moun, tankou:

- *Deklarasyon Invèsel Dwa Moun, 1948.*
- *Pak Entènasyonal sou ak Dwa Sivil ak Politik (PIDCP), 1948.*
- *Pak Entènasyonal sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl (PIDESC), 1965.*

- *Konvansyon pou Elimine tout Fòm Diskriminasyon rasyal* (CIEDR), 1965.
- *Konvansyon pou Elimine tout Fòm Diskriminasyon kont Fanm* (CEDEF), 1981.
- *Konvansyon sou Dwa Timoun* (CRDE), 1990.
- *Deklarasyon sou Defansè Dwa Moun yo*, 1998.
- *Deklarasyon sou dwa Pèp Otoktòn yo*, 1989.

Anndan Enstriman sa yo nou jwenn anpil dwa moun genyen ki merite respekte toupatou sou latè. Ayiti pokò siyen e ratifye plizyè nan konvansyon sa yo, ki fè gen yon seri enstriman pou defann dwa moun nou pokò kab sèvi nan peyi nou.

Mwen te gen chans vizite yon Sant Olokòs, kote yo gade memwa gwo trajedi Jwif yo te viv nan peyi Almay, soti 1933 rive 1945, lè Nazi yo te vle fini ak pèp Jwif la. Anpil fi ak gason jwiv te pedi lavi yo. Mwen te viv temwanyaj 2 medam Jwiv (Olga SHER ak Sara SCHICHTER) ki te chape anba lanmò. Prèske tout fanmi yo te mouri. Medam sa yo te fè nou konnen, se senk (5) peyi ki te asepte ede Jwiv yo chape kò yo anba lanmò. Se peyi Fenland, Dànmak, Kolonbi, Repiblik Dominiken ak peyi Angletè. Pou peyi Lafrans menm, se kèk moun ki te ede yo, men se pa t gouvènman nan epòk la. Temwanyaj moun sa yo te di anpil pou sipòte. Yo di nou se ***endiferans ak rasis*** lòt moun nan lemnantye ki te lakòz gwo trajedi sa a. Yo kwè nou bezwen goumen anpil toupatou sou latè kont endiferans ak rasis. Edikasyon sou dwa moun dwe ede nan sa.

Ann Ayiti, nou ta merite genyen yon sant konsa kote nou kapab jwenn lide ak temwanyaj sou sa k te pase nan pwòp istwa nou kòm pèp ak nan lòt peyi tou, e ki ka sèvi zouti pou aprann moun lite pou zak sa yo pa janm repeète ankò.

Chak patisipan te bezwen redije epi prezante yon plan kote l esplike ki sa l apral fè ak sa l te aprann lè l retounen lakay li. Plan pa m nan te chita sou **patisipasyon medam yo nan tout nivo ak nan tout aktivite Jistis ak Lapè**. Sesyon an te fini ak yon gwo sware kiltirèl kote chak peyi te gen okazyon pou prezante yon bagay ki soti nan kilti lakay li. Gwoup Ayisyen an te fè tout patisipan yo danse epi chante mizik konpa ak CD ki sòti an Ayiti.

Jocelyne Colas

CPN – Rezo katolik pou Bati Lapè
Katriyèm konferans anyèl
ki te fèt nan peyi Kolonbi
sòti 24 rive 29 jen.

Du 24 au 27 juin 2007, le P. Marc-Edy Dessalines, Directeur de Justice et Paix aux Gonaïves a participé à l'Assemblé du CPN – Réseau Catholique pour Construire la Paix (Catholic Peace-building Network) à Bogotá, en Colombie. Dans ce bref rapport il décrit son expérience, surtout des deux jours de contact avec une expérience concrète qui précédait l'assemblée proprement dite.

Bati Lapè nan peyi Kolonbi

Peyi Kolonbi endepandan depi 1810. Li gen 44 milyon moun. Majorite moun se katolik. Li genyen 70 dyosèz. Li gen 5 vwarzin ki se : Ekwatè, Venezuela, Panama, Pewou ak Brezil. Pi gwo pwoblèm Kolonbi se trafik zam ak dwòg. Se sa ki lakòz li toujou nan konfli.

Pa gen anpil pati politik menm jan ak nou. Se sèlman pati liberal ak pati konsèvatè ki genyen. Vin gen pwoblèm nan mitan de pati sa yo, ki pral lakòz kreyasyon FARC (Fòs Ame Revolisyònè Kolonbi). Yon ti tan aprè vin genyen FLN (Fwon Liberasyon Nasyonal). Pou kounye a, mouvman ame sa yo nan yon pwosesis demobilizasyon. Yo te kreye yon komisyon pou facilite demobilizasyon an.

Rezo katolik pou Bati Lapè te òganize asanble li nan peyi Kolonbi, epi yo te envite Jistis ak Lapè pou vin patisipe. Ki sa nou te fè pandan 5 jou sa yo ? Organizatè asanble yo te separe patisipan yo an de (2) gwooup pou te vizite zòn Medeyin ak kèk ti zòn alantou kapital la, ki se Bogota. Nou te nan dezyèm gwooup la. Nou te vizite yon zòn popilè yo rele Soacha. Se te yon zòn ki te nan men geriya yo. Pa t gen dlo, lekòl, sant sante ak legliz. Kounye a, sa fè 8 lane,

depi kèk pè Monfòten ak kèk sè Dominiken te rive ki fè, kòmanse gen kèk amelyorasyon tankou : sant pou granmoun yo, kantin pou timoun yo, medam yo travay nan zafè atizana, epi pè yo travay ak jèn yo. Sa m twouve enteresan, se lè m wè se pa asistans y ap fè, okontrè, moun yo ap travay pou tèt yo menm.

Dezyèm jou a nou te vizite yon lòt katye populè yo rele Boliva. Anpil nan moun ki nan katye sa a se moun ki deplase. Sa fè, li pa fasil pou moun sa yo kolabore, paske yo sòti nan zòn ki diferan epi, sa k pi di a, gen kèk reprezantan gwoup ame nan mitan yo. Daprè sa youn nan moun yo te eslike nou : sa ki te vin amelyore sitiyasyon an se fòmasyon pou Lapè, rekonsilyasyon ak padon ki vin kòmanse fèt nan katye a. Li di nou travay sa a te difisil, men te gen volonte. Li te di nou gen moun ki pa t kwè nan travay sa a, paske pou yo sa k te pi enpòtan se te bay moun yo travay. Yo te jwenn kèk reskonsab Legliz ki te ede yo pou di se vre, travay la enpòtan, men fòk moun yo jwenn plas yo nan sosyete a tou.

Gen moun ki te ban nou empresyon yo. Yo di nou, yo tounen ajan pastoral k ap kontinye travay pou Lapè, rekonsilyasyon ak padon, sitou nan fanmiy yo. Yo te fè yon demonstraksyon pou montre nou, youn nan mwayen yo fè pou reziste ak vyolans lan se teyat. Yo te eksprime soufrans yo, kote yo di nou yo fè anpil bagay pou lapè, men yo pa montre sa yo fè nan televizyon ; se plis lòt vye bagay ki pase deja y ap plede montre. Yo di nou ak prezans nou nou dwe temwaye tout bèle aksyon yo fè pou lapè. Kòm te gen plizyè masak, gen gwoup tou ki pran angajman pou yo pa pèdi memwa moun sa yo nan kominote a. Yo te di nou se vre gouvènman an vle travay ak òganizasyon k ap travay pou lapè yo, men yo bliye moun ki mouri yo. Se poutèt sa, yo fè demonstraksyon pou fè moun sonje moun ki mouri yo bezwen jistis. Gen youn nan moun yo ki te di nou rekonsilyasyon an se tankou yon obligasyon men, fòk yo pa bliye jistis ak reparasyon ki nesesè tou. Evèk ki te akonpanye nou an te fini vizit lan kote 1 te di : « Nou pa ka selebre, san nou pa panse ak sitiyasyon peyi a paske Kris la se Lapè, e ansèyman li se rekonsilyasyon, li te lapriyè pou nou tout fè yon sèl. » Li wè travay pou lapè a se travay tout moun, men fòk gen kouraj pou padone.

Aprè vizit de jou yo se travay konferans yo ki kòmanse. Monseyè Hector Favio te fè ouvèti a kote li di nou vyolans ak konfli pa respekte dwa moun. Poutèt sa,

Legliz dwe pote solidarite 1 bò kote pèp. Apre tout eksperyans lagè peyi a konnen, li vin tounen kounye a yon lekol Lapè. Li te repete souvan : Bati lapè gen yon obligasyon ki se rekonsilyasyon. Ak zam dyalòg nou ka rive. Menm si gen desepsyon fòk nou kontinye.

Mesye Ricardo Esquivo te fè yon konferans ki te gen pou tèm: **Kouman bati yon kilti lapè nan yon sitiyasyon kote gen kriz**? Li te di nou nan yon sitiyasyon kote gen kriz fòk nou tout gade valè yo depi nan tèt rive nan kè. Pawòl nou dwe kadre ak fason n ap viv. Prezans nou nan kominote a dwe ede moun yo viv. Lè gen kriz nou pa dwe kouri al kache, epi kite moun yo pou kont yo. Nou dwe rete ak moun yo, paske yo toujou bezwen yon moun pou akonpaye yo san sa travay nou an deja abouti nan echèk.

Madam Magdalena Media te debat tèm sila a: **Edikasyon ak konfli**. Li te fè n sonje nou pa dwe fini konfli yo ak fòs, men se toujou avèk dyalòg. Pou kab gen yon vrè rekonsilyasyon, gen 4 gwo pilye nou pa dwe bliye : verite, jistis, reparasyon ak padon. Nou pa dwe fè lapè tounen yon kesyon aktivis, men pito yon kesyon edikasyon. Pou Bati Lapè tout bon, fòk nou koupe fache ak tout vye panse ki bay vyolans lan rezon. Fòk nou koupe fache tou ak yon sistèm k ap bay viktim rezon epi k ap sèlman kondane koupab yo. Pou kounye a, n ap rete la ak kesyon konferans yo ki te ede n konprann pi byen tout sa k antre nan batay pou genyen Lapè tout bon nan kominote yo.

Pè Marc Edy Desalin

Fòmasyon

Yon ti koze sou zafè batistè

Témoignage de Jocelyne Colas à l'occasion de la Journée internationale du refus de la misère, organisée par ATD Quart Monde, 17 octobre 2007, à FOCAL, sur l'importance de l'état civil et l'acte de naissance.

Etasivil ak batistè

Yon batistè se yon pyès ki di ki moun ou ye, ki fè yo rekonèt ou egziste nan sosyete a. Se yon pyès enpòtan k ap itil ou pandan tout rès lavi ou. Se pyès sa a ki kapab pèmèt ou jwenn lòt pyès ou bezwen pou tout bagay w ap regle nan sosyete a, tankou : rantre nan yon lekòl, pase egzamen, fè kat idantifikasyon nasyonal ou, kat idantite fiskal, lisans pou kondwi machin, paspò, ak sivil si w ap marye, jiskaske ou mouri pou yo fè ak desè a.

Nan peyi d Ayiti, gen anpil moun ki mouri san yo pa janm genyen 1. Anpil lòt moun genyen youn jodi a, men yo pèdi 1 e yo pa kapab fè yon lòt.

Gen yon batistè se youn, men gen yon batistè ki ka itil paske li kòrèk, san fòt ni erè e ki anrejistre nan Achiv nasyonal, se yon lòt. Se sèl lè yon moun al mande yon ekstrè batistè 1 nan Achiv nasyonal 1 ap konnen si li gen yon batistè vre. Alòske, zafè delivre batistè se wòl ofisyè Etasivil, se pa wòl Achiv nasyonal.

Anba je nou la a nan Pòtoprens, lane sa a ankò, gen anpil timoun ki pa t kapab antre lekòl oswa yo p ap ka ale nan egzamen ofisyèl paske yo pa gen batistè. Nou menm, nou konnen yon gwoup 20 timoun paran yo pa t kapab enskri yo lekòl.

Men ki sa lalwa peyi a mande :

- Paran yon timoun gen jiska 2 lane pou yo deklare timoun nan fêt nan biwo Etasivil. Sa te dwe gratis, men nan biwo yo, selon kote a, yo pran ant 50 al pou 150 goud nan men paran yo.
- Lalwa tou di ki jan tout moun ki depase laj 2 lane kapab gen batistè yo. Se sa yo rele « batistè tadif » la. Leta Ayisyen te pran 2 dekrè pou te pèmèt moun ki nan sitiyasyon sa a fè batistè yo gratis. Menm nan moman sa a, moun yo te konn bezwen anpil kòb pou yo jwenn batistè a, san konte tout lòt pwoblèm yo. Dekrè sa a rive nan bout li depi lane pase. Ministè Lajistis pran dispozisyon epi mande pou tout moun ki depase laj 2 lane k ap fè batistè 1 fè yon jijman ki pou bay yon ofisyé deta sivil dwa ekri batistè a pou li. Yo konn egzije ant 2500 goud pou rive 7500 goud pou yon jijman konsa.
- Moun ki pa gen batistè yo fè pati kategori moun ki plis ap viv nan lamizè nan peyi a.
- Anpil fwa, timoun yo ki pa gen batistè se paske papa ak manman yo pa gen batistè pa yo.

Men an reyalite, genyen anpil difikilte pou jwenn batistè a

- Gen moun ki bezwen mache ant 4 al pou 8 èd tan pou soti nan yon lokalite pou rive nan biwo ofisyé detasivil ki nan yon bouk oswa vil yo. Lè yo rive, yo pa jwenn moun pou resevwa yo oswa pa gen fòm pou ekri batistè a ba yo. Yo oblige retounen lakay yo san papye enpòtan sa a. Gen delè menm, yo fin depanse tout ti kòb yo te pote pou fè batistè a lè yo pran anba men raketè ki kanpe tout alantou biwo ofisyé etasivil yo e ki fè yo konprann yo ka ede yo jwenn papye sa a depi yo ba yo lajan. Nan kondisyon sa a yon batistè ki te dwe gratis konn koute sòti 50 goud pou rive jis 500 goud. Moun ki pran nan pwoblèm sa yo konn pa anvi retounen nan biwo ofisyé etasivil yo ankò.
- Letasivil se yon sèvis ki sou reskonsablite Leta Ayisyen. Men yo pa organize 1 yon jan pou li pre moun yo epi pou 1 bay sèvis san defo.

Pou fini

Nan kondisyon sa, se dwa idantite moun sa yo ki vyole. Sosyete a pa rekonèt moun sa yo gen dwa ak diyite. Reyalite sa a montre gen gwo pwoblèm nan

sosyete a. Gen yon kantite moun yo pa konsidere. Se kòmsi yo pa egziste lè Leta ap fè planifikasyon pou amelyore lavi popilasyon yo nan domèn lasante, edikasyon, travay, kay pou moun rete, ak tout lòt sèvis ki nesesè. Yo fè pati kategori moun yo mete deyò nan sosyete a paske Leta peyi a menm pa rekonèt yo. Yo pa p kapab patisipe nan lavi sosyete a kòmsadwa.

Jocelyne Colas

PNF 6

Yon ti mo pou prezante sesyon an

Editorial ou présentation du module sur les droits spécifiques, qui est la sixième et dernière session de formation dans le cadre du Plan national de formation pour les membres de Justice et Paix à travers tout le pays.

Dwa espesyal kèk gwoup moun genyen

Ak sesyon sa a nou rive nan dènye etap Fòmasyon pou ajan pastoral dwa moun nou prezante manm nou yo ak lòt moun ki enterese nan pwogram fòmasyon sa a.

Nou abitye di : tout dwa se pou tout moun ; epi tout dwa se pou tout moun menm jan. Epoutan, gen kèk kategori moun oswa genyen kèk sitiyasyon moun twouve ladan l, ki mande yo pwoteje dwa yo yon fason espesyal. Kategori moun sa yo pa pati. Egzanp, lè n pale sou dwa espesyal medam yo, nou dwe sonje : medam yo se yo k pi fò moun sou tè a ak nan peyi n. Men kilti ak mantalite ak tout chapant sosyete a tèlman mete yo sou kote, nou pale sou yon fason espesyal pou pwoteje dwa yo. Nou sonje tou : timoun ak moun ki andikape. Genyen kondisyon moun rive viv ki mande yo pwoteje yo yon fason espesyal : tankou migran, prizonye, moun k ap soufri maladi tankou sida. Gen

gwooup sosyal tou ki nan yon pozisyon depandans parapò ak lòt, tankou travayè ak peyizan ki viv nan depandans ak divès gwooup moun ki genyen puisans ekonomik nan men yo. Nan sesyon sa a, nou chwazi kèk nan gwooup sa yo, men nou ta kapab chwazi lòt ki genyen pwòp pwoblèm pa yo.

Pou tout defansè dwa moun ki pran angajman sila a nan non konviksyon lafwa yo, defans dwa moun ki sou kote yo jwenn ak chwa preferans pou pòv ak moun sou kote yo Jezi menm te pran yon fason espesyal.

Ak sesyon sa a, nou pral fini pwogram fòmasyon PNF nou. Moun ki te swiv fòmasyon an dwe kontinye fòme tèt yo, si yo vle tounen defansè dwa moun chak jou pi plis. Yo dwe kontinye reflechi sou sa dwa moun vle di, sou diyite chak moun genyen, sou fason reyalite sosyal, politik, ekonomik ak kiltirèl mare ak batay dwa moun nan. An menm tan tou, yo dwe chèche konnen divès enstriman legal yo pi byen ki pèmèt yo denonse vyolasyon yo devan otorite Leta yo. Fòmasyon sa a pa ensiste twòp sou enstriman ak metòd sa yo, ki nòmalman antre nan yon fòmasyon teknik sou dwa moun. Nou sitou eseye bay patisipan yo yon vizyon ak yon konviksyon.

Defans dwa moun se yon batay ki mobilize tout sa yon moun ye : konesans li, santiman li, konviksyon li, lafwa li. Se tout nou menm ak tout sa n ye ki dwe antre ladan l.

Defans dwa moun se yon chimen Lapè nan kominate a li ye. Lapè se fwi sa k kòrèk, se rezulta bon relasyon nan mitan moun. Kote gen respè pou diyite ak dwa moun, ap gen lapè tou nan mitan moun. Depi nan Labib la yo fè n konnen : Jistis ak Lapè, youn ap anbrase lòt (Sòm 84) ; se lè toulede prezan sou teren an, nou konnen yon peyi tou nouvo kòmanse parèt.

Nou swete pou fòmasyon sa a pral ede n vin pi pre bél rèv yon nouvo peyi d Ayiti. Bon sesyon.

P. Jan Hanssens, direktè

Mesaj final Evèk Amerik Latin yo nan Aparecida :

« Nou vle fè pwomosyon layik yo, pou yo vin gramoun vre,
ki reskonsab yo menm tou nan misyon pou anonse Pawòl la
e pou rann Peyi Waa vizib nan mitan n. »

Du message des évêques de l'Amérique Latine à Aparecida

« Nous espérons promouvoir un laïcat mature,
coresponsable avec la mission d'annoncer
et rendre visible le Royaume de Dieu. »

Jistis ak Lapè toupou

ATD Ka Mond

Chak lane, 17 oktòb se jounen pou refize lamizè. Se yon mouvman Ka Mond (katryèm mond lan) ki mete l sou pye. Nan jounen sa a, y ap mobilize plis moun pou denonse lamizè ki pa fèt pou moun, anpil moun ap sibi. Ane sa a, yo te pibliye yon petisyon pou reveye konsyans otorite yo sou pwoblèm lamizè ki vin grandi e ki fè moun pa viv alawotè diyite yo kòm moun.

Fondatè mouvman an se pè Jozèf Wrezinski. Li te fèt 12 fevriye 1917 nan yon fanmi ki te pòv nèt. Kòm pè li te kontinye ap lite ansanm ak moun pòv yo. Li mouri jou ki 14 fevriye 1988. Tout vi l sete pou moun pòv ak sa k sou kote yo, pou yo te kab jwi dwa ak kondisyon lavi ki dakò ak diyite yo.

Ann Ayiti, volontè Ka Mond yo ap travay nan Fondenèg ak Matisan.

« Mepri ak endiferans se yon fòm vyolans k ap kreye lamizè, paske san mank, li mennen nan mete moun sou kote ak voye moun jete. Li fèmen pòv la tankou nan yon moulen k ap kraze 1 e detwi l. Li fè 1 tounen pi ba pase yon pwoletè ki pa gen valè sosyal. Lè toutan yon moun dwe manke lakominyon ak lòt yo k ap klere 1 epi k ap bay li sekirite, yo kondane entelijans li pou viv nan fènwa, yo fèmen kè 1 nan kè sere, laperèz ak mefyans, epi y ap detwi nanm li. »

P. Jozèf Wrezinski

Migrasyon direksyon Peyi Kanada

Peyi Kanada se yon gwo zanmi peyi d Ayiti, se konsa tout moun konnen l. Kanada ap ede peyi d Ayiti anpil. Peyi a preznan anpil pwojè pou ede pèp Ayisyen an.

Gen lyen solid ki mare de peyi yo ansanm. Moun peyi Kanada ap travay an Ayiti, epi genyen yon gwo dyaspora Ayisyen k ap viv nan peyi Kanada. Epoutan, li pa fasil pou Ayisyen jwenn viza pou ale nan peyi Kanada. Menm nan moman gwo vyolans, lè yo t ap menase moun, li pa t fasil pou moun te kab vwayaje pou rezon politik, paske vi l menase.

Epoutan, chak lane, plizyè milye Ayisyen kite peyi a pou al viv nan peyi Kanada. Moun ki ale se moun ki gen kapasite ak konpetans. Se kad peyi d Ayiti ta bezwen pou òganize tèt li pou kreye avni pou jèn yo denmen. Moun sa yo ki ale, se nan peyi d Ayiti yo te jwenn fòmasyon yo, se ann Ayiti yo te fè eksperyans, se moun isit ki te peye lekòl pou yo, se peyi yo pou yo te kab sèvi.

Nan kondisyon sa a, kilès k ap ede kilès ? Kilès ki genyen, kilès ki pèdi ?

Afè zam ak dezameman

Pa gen moun ki konnen konbyen zam ki genyen nan peyi a. Nèg save k ap etidye kesyon an panse, ta genyen plis pase 230.000 zam lejè (tankou revòlvè) nan peyi a. Apepre 13.000 zam ta nan men gwoup ame yo, epi 170.000 nan men sektè prive, sekirite prive yo ak lapolis. Nan moman gwo vyolans la, anpil zam te nan men timoun ak jèn. Ak tout jefò CNDDR (Komisyon nasyonal pou dezameman an) ap fè, yo reyisi reprann plizoumwen 300 zam nan men divès sektè yo. Nan moman an, pa gen otorite k ap anrejistre zam yo.

Aba Ape

Nan moman sa a, gwo negosyasyon louvri ant Inyon Ewòp la ak peyi ACP yo (peyi yo patnè nan komès ak Inyon Ewòp la nan kontinan Afrik la, nan Karayib la ak nan zile Pasifik yo). Ayiti menm fè pati peyi yo ki nan blòk Karayib la. Negosyasyon fèt de (2) bò : ant peyi yo ki nan blòk la, epi ant blòk Karayib la ak Inyon Ewòp la. Fè komès pi plis ak peyi Karayib yo kapab yon bon bagay pou Ayiti. Men, objektif kote yo vle rive a, ale pi lwen anpil : se pou komès ant peyi yo vin lib, pou danre yo kapab sikile san pa gen baryè. Gwo negosyasyon sa a rele APE (Akò patenarya ekonomik).

Ann Ayiti plizyè òganizasyon sosyete sivil la pa dakò ak sistèm mache lib sa a, paske li pa bon pou peyi ki pòv, sitou pou sa k genyen yon Leta ki fèb anpil tankou Ayiti. Anpil fwa, si peyi pòv yo ta rive jwenn yon ti avantaj nan yon mache lib konsa, se paske lakay yo, moun yo travay pou yon ti kraze kòb touputi. Konsa, òganizasyon sa yo di : « Aba APE ».

Si Ayiti pa p kapab mete tèt li apa, li bezwen prese prese yon Leta ki aktif, ki konnen sa l vle, k ap defann pwòp sitwayen ak sitwayèn li yo, pwòp peyizan ak peyizàn li yo. Pou sa, fòk genyen yon Leta ki merite non sa a. Answit, Gouvènman an ki alatèt li, bezwen elabore yon vizyon sou sa peyi a dwe devni pi devan ak yon politik Nasyon an ki di ki jan sa ap fèt.

Ayiti pokò genyen ni youn ni lòt, men deja yo vin di l :lè a rive pou louvri pòt kay ou pou sa lòt yo fè kapab anvayi ou.... Men, lè n gade byen, se sa k fèt depi plizyè ane deja. Nan moman sa a, 70 % nan tout manje moun yo manje sòti lòtbòdlo : diri, vyann tout kalite, manje nan bwat tout koulè, pwa, bannann.... Epoutan, 60 % nan popilasyon peyi a toujou ap viv andeyò epi ap travay tè, san pa gen ankadreman ak api Leta.

Si se peyi a ki te bezwen kraze nèt nèt, ki sa Ayiti kapab fè plis toujou ??

Chanje konstitisyon peyi a

Deba a louvri : eske Ayiti bezwen yo fè chanjman nan Manman lwa peyi a ? Eske li bezwen jete konstitisyon sa a pou pran yon lòt ? Si n klè sou pwen sa a, ki jan pou sa fèt ? Epi ki sa n ap mete nan nouvo konstitisyon ? Deba a fenk kòmanse.

GRR (Gwoup Rechèch ak Refleksyon) Komisyon an te pibliye kèk lide, epi li mande pou moun byen gade. GRR fè konsta sa a : « Pandan plis passe 20 lane, Konstitisyon an te zouti lit demokratik yo nan peyi a. Jounen jodi a, nou pa kwè se li menm ki bloke oubyen anpeche pwosesis demokratik la vanse. Antouka, se pa Konstitisyon an ki mete Leta ayisyen sou lagraba e ki lakòz prezans dirèk pwisans etranje sou teritwa peyi a. Se pa Konstitisyon an ki lakòz peyizan yo (ki se majorite popilasyon an) pa ka jwenn tè pou yo travay epi akonpayman pou pwodiksyon yo. Se pa Konstitisyon an ki lakòz absans sèvis piblik nan peyi a. Se pa Konstitisyon an ki lakòz komèsan fikse pri yo vle pou machandiz yo epi pèp la pa sispann monte maswife anba lavichè. Se pa Konstitisyon an ki lakòz absans enstitisyon politik solid nan peyi a. Nou te ka pase tout lane a ap bay egzanp. »

Karèm 2008 : ane A

Anviwònman an, se kay kote Bondye rete avè n

Dimanch	Lekti yo	Tèm karèm 2008	Devlopman
Premye dimanch 9 fevriye 2008	Jenez 2,7 rive 3,7 Wòm 5, 12-19 Matye 4, 1-11	Nan savann dezole a, Jezi montre n pran reskonsablite	Reskonsablite pou kreyasyon an. Pouwva politik, ekonomi ak relijye dwe nan sèvis lavi moun.
Dezyèm dimanch 2008	Jenez 12,1-4 2 Timote 1, 8-10 Matye 17, 1-9	Jezi envite n pou peyi n chanje figi	Vin moun ak yon pèp novo: aji yon lot jan ak sa Bondye konfye n.
Twazyèm dimanch 2008	Egzod 17, 3-7 Wòm 5, 1-8 Jan 4, 5-42	Jezi se dlo lavi a. Dlo se lavi	Moun pa kab viv san dlo. Pran swen dlo a. Dlo batèm nou montre n se pou lavi nou fèt.
Katriyèm dimanch 2008	Samiyel 16, 1-13 Efèz 5, 8-14 Jan 9, 1-41	Jezi se limye lavi nou. Limyè se chimen lavi	Moun pa kab viv san limyè, sa lè. Pran swen lè a. Jezi montre n chimen respè pou kay kote Bondye rete.
Senkyèm dimanch 2008	Ezekyèl 37, 12-14 Wòm 8, 8-11 Jan 11, 1-45	Jezi se lavi kò nou. Kò nou fèt pou lavi.	Respè pou kò n, pou kò sosyete a, pou anviwònman kote evolye... yon egzijans pou moun ki kwè se kò Kris la yo ye.
Dimanch Ramo 2008	Matye 21, 1-11 Izayi 50, 4-7 Filip 2, 6-11 Matye 26, 14 rive 27, 66	Jezi se chimen an: li mache devan n.	Jezi se Wa Lapè a (Zakari 9,9). Lapè Kris la, se lapè ak tout sa k egziste. Lamò l boulvèse tè a e louvri lavi. Jounen jèn yo: JMJ
Dimanch Pak 2008		Jezi leve. Yon syèl novo, yon tè novo	

Chak pawas ap jwenn yon kopi nan dokiman karèm nan pou sant la, pou chak chapèl ak pou kominote relijye yo. Chak kopi an plis koute 50 goud.